

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ngaregepkeun téh penting pisan lantaran dina kagiatan ngaregepkeun urang bisa maham kana maksud nu ditepikeun. Ngaregepkeun téh béda jeung ngadéngékeun. Di dunya ieu, loba jelema nu taraf kagiatanna ngan saukur ngedéngé hungkul, teu nepi kana taraf ngaregepkeun. Lamun ngadéngékeun mah ngan saukur ngadéngékeun naon-naon nu kacangkem ku indra pangrangu, ari ngaregepkeun mah nya éta merhatikeun kalawan gemet, maham tur bisa méré aprésiasi kana naon nu geus diregepkeun. Ngaregepkeun téh saenyana mah geus dimeunangkeun ku urang ti leuleutik. Dina prosés diajar ogé, siswa bisa meunangkeun hasil nu maksimal lamun siswa teu ngan saukur ngadéngékeun naon nu ku guru sebutkeun, tapi ogé ngaregepkeun tur maham kana eusi materina.

Kagiatan ngaregepkeun bisa dilakonan ku siswa dina kagiatan diajar salah sahijina ngaliwatan matéri carita pondok. Carita pondok atawa nu biasa disingget carpon téh nya éta karangan fiksi dina basa lancar, hartina naon-naon anu dicaritakeun ku pangarang téh henteu kudu enya-nya kajadian ku dirina. Tapi sanajan kitu, caritana téh kudu bisa ditarima ku akal tur teu ngandung unsur pamohalan. Eusi tina carpon biasana ngandung tema-tema atikan atawa conto anu hadé pikeun nu macana. Kamampuh siswa dina ngaregepkeun carpon masih kénéh kurang hadé lantaran siswa ngan saukur ngadéngékeun hungkul, teu nyangkem maksud nu ditepikeunana, padahal mah dina carpon téh loba pisan amanatna.

Tina data nu kapaluruh di kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung, rata-rata siswa dina ngaregepkeun carpon nya éta 50,73. Hal ieu téh masih jauh kénéh tina kritéria ketuntasan minimal atawa nu biasa disingget KKM. Hartina, siswa can mampuh ngaregepkeun carpon kalawan gemet, siswa ngan saukur ngadéngékeun naon nu dibacakeun ku guru tapi teu maham tur nyangkem kana maksud nu ditepikeunana. Aya sababaraha faktor nu ngalantarankeun siswa teu ngaregepkeun kalawan gemet, faktor-faktor ieu téh bisa tina diri siswa boh ti luar siswa. Faktor tina diri siswa di antarana siswa keur aya dina kondisi nu kurang séhat atawa keur

aya masalah nu ngaganggu kana pikiranna, tepi ka siswa teu ngaregepkeun naon nu ditepikeun ku guru. Biasana siswa nu kieu téh ngan saukur ngaregepkeun di awal pangajaran hungkul, satuluyna siswa ngarasa jenuh tepi ka teu ngaregepkeun deui kana pangajaran. Sedengkeun faktor ti luar siswa misalna diajak ngobrol ku babaturan atawa aya hiji hal nu ngirut tur ngalihkeun perhatian siswa. Ku kituna, pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carpon, siswa mikabutuh hiji modél pangajaran nu bisa mantuan siswa dina pangajaran ngaregepkeun.

Modél pangajaran téh rupa-rupa, salah sahijina nya éta modél pangajaran *cooperative learning tipe numbered head together* (NHT). Modél pangajaran NHT téh penting pikeun prosés diajar, sabab modél pangajaran NHT ieu méré kasempetan ka siswa pikeun silih ngaluarkeun ide-ide tur mikirkeun jawaban nu pangbenerna. Modél pangajaran ieu bisa ngarojong siswa pikeun ngaronjatkeun sumanget gawé bareng. Dina umumna, NHT dipaké pikeun ngalibatkeun siswa dina proses nguatkeun pamahaman pangajaran atawa ngecék pamahaman siswa kana matéri pangajaran.

Tina sababaraha masalah nu di pedar di luhur, kudu ayana hiji tarékah pikeun ngungkulan masalah ngaregepkeun nya éta salah sahijina maké metodé pangajaran kooperatif tipe NHT. Dina modél pangajaran NHT ieu, lolobana aktivitas pangajaran museur dina diri siswa, nya éta dina neuleuman matéri pangajaran tur nyawalakeun matéri pangajaran pikeun ngaréngsékeun hiji masalah. Modél pangajaran NHT mangrupa salah sahiji tipe pangajaran kooperatif nu nekenkeun kana struktur husus nu dirancang pikeun mangaruhan pola interaksi siswa jeung miboga tujuan pikeun ngembangkeun kamampuh ngaregepkeun siswa. Ku kituna, diasumsikeun yén modél pangajaran kooperatif tipe *numbered head together* (NHT) bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran kooperatif tipe NHT ogé kungsi ditalungtik ku Nuraeni (2010) anu judulna “Modél Pangajaran *Cooperative Learning Tipe Numbered Head Together* (NHT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis paparikan”. Hasil tina panalungtikan éta téh ngabuktikeun yén modél pangajaran NHT bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis paparikan. Bédana panalungtikan ieu jeung panalungtikan nu ditalungtik ku Nuraeni nya éta

dina hal kaparigelanna, lamun Nuraeni leuwih nekenkeun kana kaparigelan nulis, panalungtikan ieu mah leuwih nekenkeun kana kaparigelan ngaregepkeun sabab ngaregepkeun ogé mangrupa salah sahiji kaparigelan basa. Lian ti éta, materi nu ditalungtik ogé béda, lamun Nuraeni nalungtik dina matéri paparikan, dina panalungtikan ieu mah matéri nu ditalungtik téh nya éta materi carpon.

Dugi ka panalungtikan ieu dilaksanakeun, panulis can manggihan hasil panalungtikan séjén nu aya patalina jeung judul ieu. Ku kituna, dipiharep ku ayana ieu panalungtikan nu dijudulan “Modél Pangajaran *Cooperative Learning Tipe Numbered Head Together* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX-B SMP Negeri 44 Bandung)” bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carpon.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, anapon masalahna dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti di handap

- a. Kumaha kamampuh ngaregepkeun siswa kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran NHT?
- b. Naha aya bédana kamampuh ngaregepkeun siswa kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran NHT?
- c. Naha modél pangajaran NHT éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carita pondok?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum panalungtikan ieu nya éta pikeun mikawanoh pangaruh modél pangajaran NHT dina pangajaran ngaregepkeun carpon di kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- a. Kamampuh ngaregepkeun siswa kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran NHT?

- b. Bébédanaan kamampuh ngaregepkeun siswa kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran NHT?
- c. Éféktifitas modél pangajaran NHT pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carita pondok

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tiorotis

Mangpaat teoritis tina pangajaran ieu nya éta pikeun ngembangkeun kamampuh siswa dina hal ngaregepkeun carpon ngagunakeun métode nu éféktif.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun Guru

Mangpaat tina panalungtikan ieu pikeun guru nya éta, guru bisa mikaweruh hiji modél pangajaran anu bisa dipaké pikeun ngembangkeun kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun carpon. Dipiharep guru bisa ngalarapkeun métode ieu sangkan siswa teu ngan saukur ngadéngkeun naon nu ku guru sebutkeun, tapi ogé ngaregepkeun tur maham kana eusi materina.

- b. Pikeun nu Maca

Mangpaat panalungtikan ieu pikeun nu maca nya éta, dipiharep nu maca bisa nambahan élmu tur bisa mikawanoh salah sahiji métode pangajaran hususna métode nu dipake pikeun ngembangkeun kamampuh ngaregepkeun carpon.

- c. Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Mangpaat panalungtikan ieu pikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda nya éta pangajaran basa jeung sastra Sunda jadi leuwih *variatif* ku sawatara métode pangajaran nu hadé lantaran métode pangajaranna kauji dina hiji panalungtikan.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu tulisan téh diwangun ku lima bab anu diwincik saperti ieu di handap:

Bab I anu eusina bubuka, nu ngawangku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II diwangun ku ulikan tiori, anu eusina ngawengku modél pangajaran, *cooperative learning*, *numbered head togéther*, ngaregepkeun, jeung carita pondok. Tuluy dina bab II ogé aya panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtik, jeung hipotésis.

Dina bab III dipedar ngeunaan métode nu dipaké dina ieu panalungtikan. Métode ieu téh ngawengku sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan jeung wangenan operasional.

Bab IV diwangun ku hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina bab ieu dipedar ngeunaan analisis hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan analisis data hasil panalungtikan.

Bab V minangka bab anu pamungkas dina ieu panalungtikan, eusina diwangun ku kacindekan tina eusi panalungtikan jeung saran anu ditepikeun.